
6+
Нур
ISSN 0207-6551
1
2016



# «ДЫГЪЭПС КЪАЛЭ»



Апхуэдэ фIэщыгъэцIэ дахэ иIэу цIыкIухэ фэ къыфхуэзэIуахащ зыщывужьын еджапIэгъэсапIэ. Ар зи насып къихьар фэращ, ди гъунэгъу щIыналъэхэм яIэхэкъым «Дыгъэпс къалэм» хуэдэ академие. Лэжьэн щIидза щIыкIэкъым абы, гъатхэпэ хъуху Iэмал фиIэщ фыгупсысэну. Мыбдеж щыщыIэщ сабий гурыхуэхэм я еджапIи, фэ фыдэзыхьэх IэщIагъэхэм захуэвгъасэ щыхъуну гупхэри. Фи гурыхуагъэ зевгъэужьыну фи щIэнытъэ хэвгъэхъуэну? Папэмамэхэм яжефIи зевгъашэ, зыхевгъатхэ а еджапIэм щыIэ гупхэм. Уэрэд жызыIэри, сурэт щIыным дихьэхари, спортым гу хуэзыщIари, IэпщIэлъапщIэ цIыкIухэри, техникэр зи псэм хэзымыххэри, къафэлъакъуэхэри фращIасэщ абы къыщыфпэплъэну егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ.

**Дэри дыволъэIу дыгъэпс къалэм зыхезыгъэтхэну ди дыгъэщыгъэ цIыкIухэм:**

**– Сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ фиIэ хъуми, «Нур» журналым фыкъакIуи къытхуэфIуатэ, фи лэжьыгъэфIхэр къытхуэфхь, хъун? Тхьэм фригъэхъулIэ!**

**Фэ фщIыгъущ фи «Нурыр».**

*А. Б.*













Щ|эщыгъуэм зи гур хуе|эм
И гъуэгур мэхъу дыгъафlэ,
Щ|эныгъэм зи псэ хуе|эр
Аракъэ дунейгъафlэр?!

*Аброкъуэ Б.*



Цlыкlухэ, мы иджыпсту фlыгъ журналыр кlэлъыплъынущ хэт фlыуэ еджэми, сыт хуэдэ еджапlэм хэт дапхуэдэ ехъулlэныгъэ щиlами, сыт хуэдэ зэхьэзэхуэм хэт щытекlуами. Дэ я хъыбар фхуэтlуэтэну дыхуейщ «Нурыр» зыщыгуфlыкlхэм ящыщу, Налшык дэт 29-нэ гимназием и егъэджакlуэ-еджакlуэхэм, я хъыбарыфl зэрыт тхыгъэ къытlэрыхьащи.



«Илъэс 16-м щlигъуауэ Налшык дэт 29-нэ еджапlэм щолажьэ Тэтэркъан Элладэ. Егъэджэныгъэ lуэхукlэ абы зэпымыууэ lэмалыщlэхэр къегъэсэбэп, сабийхэм зэрызаужьыным къарууэ ушхуэ хелъхьэ. Мы гъэ еджэгъуэм ар зыдэлажьэр езанэ классым щlэтlысхьа сабийхэрщи, школым щекlуэкl зэхьэзэхуэхэм хишакlэщ тхэкlэ-еджэкlэ зэзыгъэщlа къудейхэр. Псалъэм папщlэ, ахэр хэта къудей мыхъуу, икlи щытекlуащ урыс тхакlуэ Заходер Борис и тхыгъэхэм къэрагъаджэу къалэ еджапlэхэм къыхуэзэрагъэпэща зэхьэзэхуэм.



А цlыкlухэм къыхуагъэфэща «ГРАН-ПРИ» саугъэт пъапlэм зи фlыщlэ хэлъхэм дыгушхуэу я цlэ къыдоlуэ: **КОВАЛЕВСКЭ Никитэ, БЭДЖИЙ Дисанэ, ЖЫЛЭТЕЖ Инал, БАРХАТОВ Руслан».**

Зи псы къэжэгъуэ ди дунейгъафlэхэм я хъыбарыфl хуэд зэхэтхыну догугъэ, абы я ехъулlэныгъэмкlэ къыддэгуэша гъэсакlуэ-егъэджакlуэ **ГЪУБЖОКЪУЭ РИТИ** фlыщlэ худощl.





# Тхылъыщlэ

«Нур» тхылъ цlыкlум нэху къыпех,
Нэхум кlыфlыр зэпъыlуех.
Нур къуитынущ тхылъу бджам,
Іущ уищlынущ къыбджыкlам.

Тхылъеджэ Іущ цІыкІухэ, фэр папщІэ тхылъ щІэрыпс дунейм къытехьащ. «Ажэжьым и жьакІэ» жэуэ фІащри ар Мэзкуу кърахащ. Сытым хуэдэу дахэу фхуагъэщІэрэщІа фи гугъэ! Мыбдеж щыфлъагъу сурэтхэри абы къитхащ. Тхылъыщlэр зыхуэгъэзар адыгэбзэр усэбзэкlэ зыхуэбзэрабзэ нэхъ цlыкlу дыдэхэрщ, тыгъэ къыфхуззыщlахэр усакlуэ **Джэрыджэ Арсен**, сурэтыщl **Хьэлилэ Миланэ, Урыс Альбинэ** сымэщ.





Тхылъ цlыкlухэми, сабийхэм хуэдэу, лъэтеувэ щыхуащl щыlэщи, ехъуэхъуурэ «лъабэдийуэ ирагъажьэ», гурыхуэ цlыкlухэр кърагъаджэ, итым топсэлъыхь. «Ажэжьым и жьакlэми» хуащlат лъэтеуви, абы щытраха сурэтщ мыхэри:



Жьэкlэмыхъу Кlунэ еджакlуэхэм яхэсу



Битокъу Маринэрэ Джэрыджэ Арсенрэ



Урыс Аминэрэ Хьэлилэ Миланэрэ

# ЦИЦЭ



Джэду нагъуэр лъэпlастхъэурэ Кlурэ и пlэ лъапэм дэпщейщ, шхылэн щабэшхуэм зыхигъэщатэри, «гъур-р-р» жэуэ пырхъыу зыщиудыгъуащ. Мы дунеижьым и гущапlэ ис хуэдэт, ауэ псэ техуэгъуейуэ зы lэпапlэ иlэу къыщlэкlащ а дунейм, ар кlэрыщlауэ гъущl хъарым ис бзуужь цlыкlу Пэджыдэт. Нэщlэукъуанцlэр абы худэплъейри, мо lейм и цыпэр пилъэфу зигъэкъабзэу щылуплъэм, аргуэрыжьти, lэл фlыцlэу къызэкlуэкlащ: «Кlэрыщlауэ щымытарэт, бетэмал, а емынэжьейр, зэ лъабэ шиигъуэ сщlынурат. И псэ сэбэпыншэ тlэкlур хэзудынти, макlуэ-мэлъей. Е дыдыркъуш псалъэм ящымыщ, е мыгубзыгъэ, ди Кlурэ къыззэрыдихьэхари уэ къащlэ, а фейцейм еубзэу бгъэдэсыфынущ куэдlейрэ». А и хъуэпсапlэ тlэкlур щэхуу иlыгъ пэтми, къыдащlэ нэхъейуэ, псоми «Цицэ, тыхъ! Цицэ, тыхъ! Тыхъ, гъуамэ!» – афlэкlа жаlэу, зэхихтэкъым нагъуэ. Псори а lейм тегужьеикlат. Худоплъейри, и губжьымрэ хъуапсэмрэ зэхыхьэжауэ: – «Уи-й, Пэ-джы-дэ, а уи пщэц къуэлэным хуищlэу щхьэ сыхэмылэбэрэ… м-м-м…» – мэгурым наужьыр.

Кlури делэ хъужауэ мо цыпищ фlэкlа мыхъу бзу lэмыщlэм сыхьэт бжыгъэкlэ йопсалъэ, мыдрейр «Цицэжькlэ» кърешэкl, пщэдджыжь къэскlэ пlэм дэлъейуэрэ къыззэригъэушыр дагъуэ къыхуищlауэ. Арщхьэкlэ, фигугъэнщ фlыуэ къимылъагъуу, хьэуэ-хьэуэ, зыми къагурымыlуэ джэдуубзэкlэ Кlурэ къыдоуэршэр зэзэмызи. Араи абы и насып тlэкlур зыпыщlар, амыхъу «Тыхъ, Цицэ»-кlэ зэфlэкlын фи гугъэрэт абы и lуэхур: Куэд щlат и пащlэкlитlыр пlийуэ къыззэрыщlадзрэ унэм, Хьэмыщэжьым и джэгупlэу. Кlурэ и нэ топ цlыкlур къыззэтрипхъуэтщ, блын сыхьэтым худэплъейри, «уэ ды-дыд, Цицэжь-гъуамэжь, щхьэ сыкъыумыгъэушарэ, сыхэжеящ» – пlащlэрыщlэу, шхылэныкум кlуэцlыс нагъуэжьыр къридзыхыу, къыщылъэтащ. Цицэ и цыр уауэ шэнтжьейм кlэщlэпщхьэри зыщlиудыгъуащ. Зызэман и пщэдджыжь lуэхухэр иухыу Кlурэ абы къыщыхуеплъыхам, наужь губжьыр хэтlэсат. Мор къоlэбыхри:

– Цицэ, зумыгъэгусэ.

– Си пащlэ укъемыlусэ.

– Цицэ, къысхуэгъэгъу…

– Кхъуеищlэ плъыжьу схуэгъэгъу.

– Цицэ, шатэпс зыхуизгъакlэ.

– Уэ, Кlурэ, укъысщlонакlэ…

А тlум я зэубзэжыр кlыхь хъу хабзэт, ауэ я щlыбагъкlэ макъ гъум къэlуащ: – «Цицэ, тыхъ. Цицэ, тыхъ. Тыхъ, гъуамэ»! А макъыр къыздиlукlамрэ абы губжьу щlэлъамрэ къигъэулэбжьауэ къызэплъэкlмэ, – зыри щlэскъым. Зэуэ, тlури зэплъыжащ. Ар жызыlар Пэджыдэт. Абдежым Кlурэ дуней гуфlэгъуэр иlэу цы lэмыщlэм бгъэдэлъэдащ: – «Мэпсалъэ, си бзур мэпсалъэ», – жэуэ кlийуэ. Абы жиlар зи псэм ещыкъылlа Цицэ зэуэ и цыр уащ, – къыстекlуащ, – жэуэ… И тхьэкlумитlыр тегъэшауэ ар унэм къыззэрыщlэкlуэсыкlами Кlури Пэджыди гу лъатэххакъым. Хуэфэщэпс, хьэмэрэ?…

***КЪАРМЭ Iэсият***





*УЭРЭЗЕЙ Афлик*

## Уэс къос

Пщэдджыжьыпэм сыкъыдэплъым
Ди щхьэгъубжэм – си нэгу щIокI:
Папэ бом къыщIеш пцIэгъуэплъыр,
Мамэ джэдхэр къыщIегъэкI.

Уэс Iэмбатэр зи бгъэныщхьэ
Бэкхъым жэмыр къыщобу,
Къыдыгъуну хуейщ шатащхьи,
Щэхуурэ зеплъыхь джэдум...

Хадэм илъщ изыбзэу уэсыр,
Дадэ пщIантIэм щетхъур уэс.
Ауэ уэсыр къосри къосыр,
Къосри къосыр махуэ къэс.

*КЪЭЗАН ФатIимэт*

## Япэ уэс

Уэсыр нэжэгужэщ,
Уи псэр пфIыдехьэх.
Дызэгъусэу бгъыщхьэм
Дыкъызэрохьэх.

Жыбгъэри къыддожэ,
Зэми къытпежыхь.
Махуэр кIэщIу щытми,
Ди гуфIэгъуэр кIыхьщ.

Сыпэплъат щIымахуэм,
Иджы дызэщIыгъуэщ.
Сэ а хьэщIэ махуэм
ФIыкIэ сыщогугъ.





АФЭЩIАГЪУЭ ЗОЕ

## ГУЩЭ

Гущэ, гущэ, гущэ щабэ,
ЩабэрыкIуэу бжьиз зымыкIу,
ЦIыкIухэм я жеипIэ хуабэ,
ЗыпщагъэнщIыркъым зыцIыкIу.

ПщIыхь Iэф! дыдэхэр зи куэду
Сабий цIыкIухэр зрапIыкI,
КIэ зимыIэ уи уэрэдыр
Нанэ зэи жьэдэмыкI.



## БЖЭН ЦIЫКIУ

Жьыгуэ, жьыгуэ, жьыгуэ цIыкIу,
Ди бжэн цIыкIур бзаджэ цIыкIущ,
Iуэм къибгъэкIмэ, уей, уей, уей
ПкIауэм хуэдзу ар допкIей,
УщIигъаплъэу и бжэн лъэгу,
Къалъэ-къапкIэу къыбдоджэгу,
Зы дакъикъи пхущымыс,
КIапэху цIыкIур егъэсыс,
«Мэ-Iэ» жиIэу, тIэкIу йокIуэт,
Къопыджыну хуэдэщ хэт,
ТIэкIу дегъэкIри къыщеуд,
«Жьыгуэ» – жиIэу, уреуд!

## ЩЫГНЭ ХЪУРЫФЭ



Хъурэ-хъурэ-хъурыфэ,
Щхъуэ-фIыцIафэ хъурыфэ,
Уи фэ-джанэри афэу,
Афэ джанэр уфафэу,
КIапэ пшэрыр дэуейуэ,
Бжьакъуэ цIыкIухэр бгъэтIейуэ,
УкъокIуэжыр, улъейуэ,
УкъокIуэж, удэлъейуэ.

*Дэ къытхуатх*

# ЩIЭБЛЭ ДАХЭ














**Ди щIэджыкIакIуэ цIыкIухэ, фи нэгу къыщIэвгъыхьэт хуабжьу фелIалIэу, федэхащIэу, фи Iубахъэ щIэууэ вгъэкIа удз гъэгъа дахащэ цIыкIур нэгъуэщIыпIэ яхьу а здахьам и щIым деж щыхасэжауэ. Алейуэ IупщIэ фымыщI, сэ сощIэ фэ фыззэрыгуфIэнур а удз цIыкIум нэхъри нэхъ зиужьауэ флъагъумэ. Дэнэ щымыIэми а дахэр фэращ зыгъэкIари, ар фыфейщ, гъагъэ къудеймэ фыгуфIэнущ, пэжкъэ? АтIэ абы ещхь хъыбар тхуитхыжат ГУГЪУЭТ Заремэ, хамэщI щыпсэу адыгэ сабийхэр илъэгъуа иужьи, мис а тхыгъэр.**

«Нурым» къеджэ ди сабийхэ, дыхуейщ мы тхыгъэмкIэ фахуедгъэблэгъэну. Тыркум щыпсэу ди адыгэ щIэблэм. Ахэри я теплъэкIэ фэ фэщхьыркъэпсщ, фэ фхуэдэу Iущыцэхэщ, дахащэу къофэ, адыгэбзэкIэ зопсалъэ. Дэ гупыфI дыхъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр дахуеблэгъат Тырку щIыналъэм щыпсэу адыгэхэми, ядэтлъэгъуар фхуэтIуэтэжынщ. Ди гупым я гуащэр университетым и егъэджакIуэ Бакъ Зерэти, абы мураду иIэт а къэралым щыIэ Адыгэ Хасэхэм я деж къыщищIэну адыгэ щIэблэм я хъыбар. Драгъэблагъэри, дыхэплъащ **Маргъущей** къуажэм щыпсэу сабийхэм я дуней щхъуэкIэплъыкIэ, ахэр адыгэбзэкIэ зэрызэпсалъэр зэхэтхащ, я къэфэкIэр зэдгъэлъэгъуащ. ЦIыкIухэ, а хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм сытым хуэдэу яфIэфI фи гугъэ къэфэну, икIи, зэрыадыгэм дэр нэхърэ нэхъ зрагъэщIагъуэу къыпщохъу ахэр утыкум щиткIэ. Я фащэ зэкIужхэми моуэ нэхъ пагэ щIохъукI. Дэри даIуплъэхукIэ дыгуфIэурэ ину Iэгу дахуеуэрт, нэхъри дгъэгушхуэт. Хъуэпсэгъуэкъэ атIэ уахэплъэну, уэ сурэт птрахам ещхьу, зи зэхэтыкIэ-джэгукIэкIи, зи гупсысэкIэкIи уэщхь сабийхэм! Дигу хагъэхъуащ **Мараш** къалэм къегъэщIылIа къуажэхэм я цIыкIухэми. Дэ урысыбзэкIэ куэдрэ дыщызэпсалъэ щыIэщи, ар фIыкъым, адыгэбзэм зыкъытхуегъэгусэ. АтIэ, а сабийхэм тыркубзэр фIыуэ ящIэрэ пэт, адыгэбзэр дахэ дыдэу ягъэшэрыуэрт. Дауи, къуажэдэсхэрат нэхъыфIу псалъэр. Къайсэр къалэщхуэм щыIэ Адыгэ Хасэм хэтхэм дэ я хъыбар къытхуаIуэтащ къалэдэс сабийхэми. Абы къэфэкIэ зэзыгъащIэ, адыгэбзэр зыдж гупжьейхэр яIэщ. Анэдэлъхубзэм нэхъ цIыкIу дыдэхэр хурегъаджэ БжьыхьэлI Онур, Iэмал щIэщыгъуэхэр къигъэсэбэпу, дэджэгу хуэдэурэ дригъэхьэхыу. А егъэджакIуэфIым къыгуроIуэ цIыкIунитIэ щIыкIэ сабийм йумыгъэщIар иужькIэ къызэрыхуэмыщтэжынур. Дэ тырку сабийхэм яхуэтшат «Нур» журнал цIыкIури, флъэгъуащэрэт ахэр абы зэрыщыгуфIыкIар!

# ӀУМЫЛ ДЫХЬЭШХРИЛЭ

Щӏымахуэ уаем дунейр сытхъукӏэ зэщӏиблауэ щтрыгъут. Гъуэгу зекӏуапӏэхэм утемыхьэфу цӏэнтхъуэрыгъуэт. Аракъэ-тӏэ еӏуящӏэ щӏалэ цӏыкӏухэм яхузэрымыгъэгъуэт дунейр!

Чэруан пӏащӏэ-тхъытхъыу зэрызихуапэр щилъагъум, нанэ ар къигъэзувыӏэри и фӏэщыпэу жриӏащ:

– Ущӏэкӏыу, пӏытӏэ, Ӏумылыр зыщумыгъэдыхьэшх.

– Уа, Ӏумылыр дыхьэшхыура-тӏэ?

– Ар ауаныщӏщ икӏи бзаджэщ, убэлэрыгъамэ, тхьэ, гущӏэгъу лэпкъ имыӏэну.

Зэпсалъэр къызэремыдаӏуэр къыщыгурыӏуэм, нанэ и Ӏуэху яужь ихьэжащ,– сакъ уэ, пӏытӏэ, – жэуэ Ӏущащэурэ. Мыдрейм нанэ жиӏэ къомыр зэригъэзэхуэну зэман иӏэт, дуней жьычыр щӏемыгъуэж щӏыкӏэ илъэдэкъэщӏыкӏыу щӏэжри, лъэр зытемызагъэ мылгъурыджэм техьащ. Кӏарцей щӏагъым деж иӏа псы инам и щхьэфэр тещтыкӏати, Лиуан цӏыкӏуи абдеж чын щигъэвууэ тетт. Чэруан и хьэмыщэжьми апхуэдэ тхъэжыгъуэм зыхигъэныжынт, япэ иту уэрамым къыщытелъадэм, Лиуан къащтэщ (а пэцихуэр хьэхэм ящышынэрт), я пщӏантӏэ дэлъэдэжыну зричщ аби, щӏэцӏэнтхъукӏри – барфэ! – мылым теукӏуриящ.

Ар зылъэгъуа Чэруан «пӏытхъ» жэуэ къыщитхъри, зэуэ зызэтриубыдэжынуи хэтащ, арщхьэкӏэ мо къэтэджыжыну къеӏэр щӏэцӏэнтхъукӏыжурэ пхэщӏкӏэ зэрытехуэжыр, хьэлъакъуиплӏу мыл гущӏыӏум «къызэрыщыфэр» щилъагъум, и дыхьэшх зэрылъэлъым хьэблэ псор зэщӏищтэри, нани пщӏантӏэм къыдишащ.

– Ас-сымыгъуэ, дунеижьыр къыумыгъэдаӏэу, мо уи ныбжьэгъур къэбгъэтэджыж хъунукъэ, ы-ы?!

Чэруан, зыкъищӏэжри, укӏытауэ щӏэпхъуащ, арщхьэкӏэ, имыщӏэххэу кӏарцейм къыпыхуа чыцӏыбжьэм теуващ, щӏэцӏэнтхъукӏри – барфэ гущэ!

– Лиуан жьэхихьэу щхьэпридзащ. Мыдрейр къыщылъэтыжри абы къыщхьэщыувэжауэ матхъэ, узаӏами щыгъупщэжауэ и Ӏэпэр щылъым хуеший.

– Ӏумылыр къыпщыдыхьэшхынщ щӏыжысӏар арат, насыпыншэ,– мдыхьэшх нани.

– Уэли, дыхьэщрилэ гуэрым-тӏэ ар, – Чэруан къыдэплъеймэ, и ныбжьэгъум и Ӏэр къиший. Ар иубыдщ, къэтэджыжри, тӏуми Ӏэплӏэ зэхуащӏащ,– «Зэрыдыхьэшх едгъэлъагъуни дэ абы», жыхуаӏэу къуейщӏеитӏыр зэрыӏыгъыу, хьэмыщэжьми дэцымейуэ я хъуреягъыр къижыхьу.

Нанэ ахэм еплъыщ-еплъри:

– Тхьэ, сэ ныбжькӏэ сыфпэмыхъуну мыгъуэ, фымэжалӏэмэ фыкъыщӏыхьэжынщ, – жери щӏыӏэм игъэкӏэкуакуэу дыхьэжащ.

*ХЬЭТУ Пётр*



# Жыг телъыджэ

Еуэщ-еIэщ аби, зы лIыжь цIыкIу мэзым пхъашэ кIуат.

Мэзым нэсщ, жыг дахэ гуэрым бгъэдыхьэри, къигъэуэну ехъуапсэу и джыдэ жаныр щиIэтым, жыгыр къэпсэлъащ:

– Дадэ махуэ хъун, сыпумыупщIу сыкъинэ, узыхуей дыдэр пхуэсщIэнщ!

ЛIыжь цIыкIур къэщтащ. Укъэщтэнтэкъэ атIэ жыгыр адыгэбзэ къабзэкIэ къыщопсалъэкIэ, ауэ, гупсысэщ-гупсысэри, мыр жриIащ жыг телъыджэм:

– Къысхуэпщ Iэнумэ, витI-жэмитI-мэлитI къызэт!

– Хъунщ, витIи жэмитIи мэлитIи уэстынщ, уигу загъэу кIуэж,– къыжреIэ.

ЛIыжь цIыкIум дзапэ уэрэд къришу къэкIуэжщ и уни, пщIантIэкум иту Iуплъащ зыщIэлъэIуа псэущхьэ угъурлыхэм Хуабжьу гуфIащ, цIыхухэм ещхьу сыпсэункъэ иджы, жери. Ауэ ар фIэмащIэ хъужщ, етIуанэ махуэм мэзым кIуэри, джыдэ зэщIэлъыкIар иIыгъыу жыг телъыджэм зытришэщIащ.

Жыгыр, къэгуззэвауэ, и макъ дахэмкIэ къолъаIуэ:

– Дадэ махуэ хъун, кхъыIэ, сыпумыупщIу сыкъинэ, сыт ухуейми пхуэсщIэнщ.

– Зы мэл гуартэ, шы табын къызыхуэтыншэу псэуалъэ, унэлъащIэу щIэхуэн! – жреIэ жыгым, и нэ мыупIэрапIэу.

– Хъунщ, а псори бгъуэтынщ, уигу загъэу кIуэж.

ЛIыжь цIыкIур, дуней гуфIэгъуэр иIэу, унэм къэсыжмэ,– зыщIэлъэIуа псори иIэу къыщIокI. Мис ар тхъэжыгъуэт! И джэдыгу бацэр и плIэм фIэдзауэ унафэ и Iэхъуэ-шыхъуэхэм яхуищIу,мылъку къеуэлIар зэригъакIуэурэ тхьэмахуэ докIри, и джыдэм хуеплъэкIыу хуожьэ.Куэдрэ гупсысакъым, жыг телъыджэм деж кIуэри зытришэщIащ:

– Пщы сыхъуну сыхуейщ!

– Хъунщ. Пщы ухъунщ. КIуэж.

Къыздэсыжам, пщы хъуауэ кърохьэлIэж: цIыхухэр къодаIуэ, пщы унафэ ещI, адрей пщыхэми пщIэшхуэ къыхуащI. АрщхьэкIэ, лIыжь нэпсейр и псэ хуитыжтэкъым, а зыззримыгъэнщIым езыри теплъаджэ ищIырт. Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу жыг телъыджэм деж и джыдэр иIыгъыу кIуэри, унафэ зэрищI макъ ткIиймкIэ жриIащ:

– Сэ пащтыхь сумыщIмэ,иджыпсту уизупщIыкIынущ!

– АтIэ ар куэдрэ!-жи жыг телъыджэм.– Мыдэ а уи пэр къызэгъэIусэ!

ЛIыжь цIыкIум и пэр жыг пхъафэм зэреIусэу, жыгыуIу хъури лъэтэжащ!

«Нурым» хуэзытхыжар
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***






# «НАРТЫМ» И ЩIЭБЛЭ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ ныбжьыщIэхэм 2015 гъэм ирагъэкIуэкIа чемпионатыр иухащ. Зэхьэзэхуэр зэфIэкIыным иджыри зы джэгугъуэ иIэжу абы текIуэныгъэр къыщихьащ Нарткъалэ и «Нартым».

Гъатхэм щыщIэдзауэ бжьыхьэ кIасэ хъухукIэ екIуэкIа зэпеуэм нарткъалэдэс ныбжьыщIэхэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Зэхьэзэхуэм хиубыдэ джэгугъуэ 30-м щыщу 25-м ахэр щытекIуащ. Псом нэхърэ нэхъыбэрэ я хьэрхуэрэгъуэм я гъуэм топ яхудэзыгъэкIари ахэращ – 141-рэ.

Гупым хэту зыIэригъэхьа дыщэ медалым къищынэмыщIауэ щхьэ закъуэ ехъулIэныгъи иIащ «Нартым» и пашэ Хоранов Марат. КъыпэщIэта командэхэм я гъуэхэм абы и закъуэу мы гъэм топу 59-рэ гъуэм дигъэхьащ икIи апхуэдиз дыдэрэ Бахъсэн и «Автозапчасть»-м щыджэгу Къэнэмэт Мухьэмэд дэщIыгъуу республикэм и ныбжьыщIэ зэхьэзэхуэм и гъуащхьауэ нэхъ лъэщ хъуащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ, етIуанэ дивизионхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм 90 гъэхэм ехъулIэныгъэ иIэу хэта Нарткъалэ и «Нартым» щIэблэ лъэщ къызэрыщIэхъуэм и щыхьэтщ абы и ныбжьыщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым пашэныгъэр зэрыщаубыдар. Ахэр зыгъасэ тренер щIалэщIэхэу Балъкъэр Ислъамрэ Мэсей Беслъэнрэ дяпэкIи я текIуэныгъэхэмкIэ дызэрагъэгуфIэнум шэч къытетхьэркъым.

***ЖЫЛАСЭ Заур***



# ЩІЫМАХУЭ ПХЪЭЩХЬЭМЫЩХЬЭХЭР







Упщіэрейхэ, щіымахуэ пхъэщхьэмыщхьэхэр фыдогъэціыху. Фэрэ дэрэ щіымахуэ мэзым дыхыхьэмэ,сыт абы щытлъагъунур?

Дэ дощіэ фэ Іупщіэ фщіыуэ зэрыжыфіэнур: «Щіымахуэ мэзу плъыфэ дыдэ зимыІэжым сыти щытлъагъун?.. Жыг тхьэмпэншэхэр щхьэпціэ дыдэти, хьэщхьэтеуэм фіэгуэныхь хъури уэс пыІэ ящхьэритІэгъащ, лъэгум уэс тепІэн трипІэжри мэзыр зэщІиуфащ». Дапщэщи хуэдэу, фэ фызахуэщ, ауэ, хьэлэмэт дыдэу нэм щіэуэу а щіымахуэ мэзым и жыг хужьхэм тхьэгъу плъыжь цІыкІу къапыблэблу зэи флъэгъуакъэ? Хьэмэрэ, быж дахэ я бгъэм хэгъэсауэ, е кхъуэщыныфэ щыгъэ ярылъу, й-иы? АтІэ, **МЭЛЕЙ Фатимэ** фрегъэблагъэ щіымахуэ мэзым.

Нэхущым къесын щіэзыдза уэсым ихъуреягъкІэ псори хужьыбзэ къищіащ, псыежэхым фІэкІа къэмынэу. Ар къуэ лъащіэм зиІуантІэ-зишантІэу кІуэцІрож. Псыежэхым адэкІэ мэз къыщытщ. Уэсыр зытелъ мэзыр щіэращіэщ икІи тІэкІуи шынагъуэщ. Къудамэхэм уэсыр хуэфІу ятелъщ. Нэхъри нэхъ кууэ мэзым ухэкІуатэмэ, плъыжьыпс зэрыджэр нэм къыІуедзэ. Ар дахэщ, ІэфІщ (зыфІэфІым дежкІэ), сэбэпщ. Пхъэщхьэмыщхьэ жыг псоми хуэдэу ар гъатхэм хужьыбзэу гъагъэми, къыпыкІэр щыхъур щІыІэбжь къэхъуа нэужьщ. Абы щыгъуэ зэрыджэм и дыджагъыр щІокІри хъугъэпс ІэфІыр къыщІохьэ. Щіымахуэм мылъэтэж бзухэм я шхыныгъуэщ зэрыджэр.

Зэрыджэм ещхьу, Іэрамэ-Іэрамэу пыт мыщэхупщхэмкІи (рябина) мэзыр къулейщ. Нэр ягъэгуфІэу хужьыгъэм къыхощ гъуэжь-плъыжьыфэ пхъэщхьэмыщхьэхэр. Гъатхэм гъэгъа мыщэхупщейм къыпих мэ гуакІуэм бжьэ цІыкІухэр куэду йопщІ. ЩІымахуэкІэ хъухукІэ пымыщэщыжу мыщэхупщ Іэрамэхэр жыгхэм пытщ. Мыжеямэ, мыщэжьым зегъэтхъэж мыщэхупщкІэ.

Къущхьэмышхри (мушмула) ящыщщ щіымахуэ пхъэщхьэмыщхьэхэм. Кхъуэщыныфэ хъурей цІыкІухэщ, ауэ дэшхуэ хуэдиз хъууэ, пІащэхэми урохьэлІэ. Щіымахуэр къэсу, япэ щІыІэбжьыр къызэреуэу, быдэ дыджу щыта къущхьэмышхыр щабэ, ІэфІ мэхъу. Гъэщіэгъуэнщ тхьэмпэ зыпымыт жыгым къущхьэмышх хъурей цІыкІухэр пыту щыплъагъукІэ. Апхуэдэ жыгхэр бзухэм я тІысыпІэщ.

ЩІымахуэми мэзым щымэжэлІэнукъым бзу цІыкІухэмрэ псэущхьэхэмрэ.





# ДАХЭУ ГЪЭЖ



# «АШЭМЭЗ»



**Улщlэхэр.** 1. Ашэмэз щаIыгъа, зыщапIа щIыунэм ар къыщIэзыха нартхэ я гуащэ. 2. И бжьамиймрэ Ахумыдэрэ благъуэм зэридыгъуар Ашэмэз къыжезыIар. 3. Нарт Къуийцlыкlу дэджэгуу кIэн къыфIэзыхьэхуа нартхэ я lыхъуж. 4. Благъуэм и хэщIапIэр къалъыхъуэу, нартхэр махуиблкIэ кIыфIу зытетар. 5. Ахумыдэрэ бжьамиймрэ благъуэм и унэм къыщIэзыха нартхэ я lыхъуж. 6. Ашэмэз и адэ Ашэ зыукIар. 7. Нартхэ я тхьэIухуд: «Бырыбыхур зи джанэ, Данэр зи фэилъхьэгъуэ, Дыжьыныгъуэр зи хэдыкI!». 8. Зи бгъэр зэгуэзыпхъуу и гур кърихыу гъуэгуанэ кIыфIыр нартхэм яхуэзыгъэбла lыхъуж. 9. Ашэ и шым зэреджэр (и фэр). 10. Ашэмэз бжьамий къезытар.



*Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщи, Быдзху дахэу жыжьаплъэм и зэфIэкIыр къэфIщIэнщ.*

**Жэуапхэр къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ.**

Зыгъэхьэзырар **ХЬЭТУ П.**

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 1 2016 г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям,
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**Е. ФАДЕЕВ**

Художник **М. ХАЛИЛОВА**

Свидетельство о регистрации №ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
15.01. 2016 г.
Выход в свет 28.01. 2016 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная № 1
Гарнитура Tolstyak, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2.7

Тираж 2820 экз.
Заказ № 081 16
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России - 13,19 руб.; за 6 мес.- 79,14 руб.
В розницу - цена свободная

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КЦО СМИ КБР» Дом печати.

Отпечатано
ООО «РИАСОФТ», 367013, Республика Дагестан, г. Махачкала, пр. Гамидова, 17

# "НУРЫМ" И ГЪУДЖЭ



***ШЫГЪЭЛЫГЪУЭ Ирэ*** Налшык 2-нэ лицейм щоджэ, е 1-нэ классщ, къэфэну, уэрэд жиIэну фIэфI дыдэщ.